

Ki pi bon pratik nan klas la pou enklizyon rlev ki gen andikap yo?

Kisa sa vle di lè w fè pati yon klas?

Timoun ki gen andikap yo gen dwa pou yo fè pati yon sal klas edikasyon jeneral epi pou yo resevwa edikasyon yo a nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an (Least Restrictive Environment, LRE) an konfòmite ak Plan Edikasyon Endividyèl yo a (Individual Educational Plan, IEP). Lejislasyon federal la klè sou lefèt elèv ki gen andikap yo se elèv edikasyon jeneral yo ye epi yo gen gwo atant pou yo. Sa vle di yo se manm yo valorize nan klas edikasyon jeneral yo an.

Nou konnen fè pati klas edikasyon jeneral la vle di elèv ki gen andikap yo konsakre plis tan sou matyè akademik yo, sa ki debouche sou pi gwo rezilta. Yo patisipe nan aktivite ki pa akademik yo epi yo devlope relasyon sosyal ki pi laj lè yo gen opòtinite pou yo entèraji avèk kanmarad ki pa gen andikap yo.

Elèv ki san andikap yo benefisye tou apati latriye estrateji ak pratik ansèyman pwofesè yo itilize yo. Yo youn aprann ede epi valorize lòt.

Lè yon elèv nan LRE a se pa sèlman nan yon klas edikasyon jeneral li ye, sa vle di tou pitit ou a ap aprann epi aplike kontni ki gen sans epi li atenn objektif IEP a avèk kanmarad klas ki gen menm laj ak li yo ki yo menm pa gen andikap. Men kèk obsèvasyon ou t a ka fè konsènan anviwònman an nan yon sal klas ki itilize pi bon pratik yo pou enklizyon elèv ki gen andikap yo:

- Biwo yo ranje an gwoup nan sal klas la. Sa pèmèt aprantisaj atravè kanmarad yo, angajman, epi sosyalizasyon nan mitan elèv yo. Elèv ki kolabore nan fason ki pwodiktif yo gen pou gen plis rezilta pozitif.
- Yo itilize zouti aprantisaj vizyèl, tankou orè kotidyen, kwonomèt, afich, epi tablo. Anpil elèv se elèv ki aprann atravè sa yo wè, epi menm sa ki pa konsa yo ka jwenn avantaj nan soutyen sa a.
- Gen liv ki adapte selon nivo yo, materyèl manipilab epi espas pou aktivite pratik ki disponib, epi yo founi yon latriye materyèl aprantisaj pou tout moun.
- Yon pwogram konpòtmantal nan tout klas la soutni konpetans avèk konpòtman ki pozitif lakay elèv yo. Menm si gen yon pwogram nan tout lekòl la, elèv yo jwenn avantaj nan soutyen ki prepare pou bezwen espesifik ki nan sal klas la.
- Teknoloji (tankou teknoloji asistans) disponib pou soutni elèv yo. Eleman sa yo kapab senp, tankou ti dispozitif pou byen kenbe kreyon, gid pou lekti, oswa ti papyè otokolan; oswa yo ka konplèks, tankou lojisyèl ki kapab li tèks ak vwa wo, tablèt, oswa aplikasyon ki baze sou entènèt.





Yo Te Adapte Li apati <http://www.theinclusiveclass.com/2016/04/5-signs-that-classroom-is-inclusive.html>

Lòt eleman pi bon pratik yo

Langaj ki mete moun nan an premye – Sa se pratik pou itilize langaj ki fè referans ak moun nan anvan andikap oswa etikèt la. Pa egzanp, li pi respèktye epi sa onore moun nan lè w di “Timoun nan gen bezwen espesyal” tan pou ou di “Timoun bezwen espesyal la.” Pale avèk moun nan avan!

Sipozisyon konpetans – Yo konnen tou kòm “sipozisyon ki pi danjere a,” sipozisyon konpetans se genyen gwo atant nan zafè aprantisaj, refleksyon, ak konpreyansyon. Ou ka toujou senplifye bagay yo, men pa gen okenn moun ki blese lè w vize wo depi nan kòmansman an.

Rezilyans – Rezilyans lan gen ladann konpetans ki ede elèv yo aprann pèsèvere fas ak defi lavi yo.



Differentiation


Diferansyasyon – Yo kapab chanje leson yo, oswa diferansye yo, lè yo itilize kontni yo a, pwosesis pou anseye kontni an, oswa pwodui yo itilize pou mezire aprantisaj, ki baze sou evalyasyon elèv k ap aprann nan. Yo kapab diferansye anviwònman aprantisaj yo tou.

Akomodasyon ak modifikasyon – Toude sa yo se konpozan yo kapab ekri nan yon IEP pou satisfè bezwen yon elèv, epi yo dwe founi yo si yo enkli yo nan IEP a. Akomodasyon yo se chanjman nan fason yo anseye oswa evalye yon bagay, epi yo souvan fè pati yon bon ansèyman pou tout elèv yo. Modifikasyon yo chanje kontni yo anseye a. Se sèlman elèv ki prezante andikap koyitif ki pi siyifikatif yo ki kapab benefisye modifikasyon yo.

Ko-ansèyman oswa fasilitasyon soutyen – ekòl ki founi soutyen nan klas pou elèv ki gen andikap yo souvan genyen plizyè adilt ki nan orè sal klas yo. Lè de (2) pwofesè ki satisfè egzijans sètifikasyon yo ap anseye nan menm moman, chak jou, pou tout klas la oswa matyè a, yo rele sa ko-ansèyman. Fasilitasyon soutyen an se yon modèl soutyen avèk de (2) pwofesè ki sètifye k ap anseye nan yon orè regilye, men pa chak jou pandan tout peryòd ansèyman an.

Kolaborasyon – Lide sa a anglobe yon fason pou adilt yo (pwofesè ak parapwofesyonèl yo) travay ansanm pou satisfè bezwen elèv yo nan sal klas edikasyon jeneral yo. Pwofesè yo planifye, aplike, evalye leson yo, epi deside sa ki nesèsè pou tout elèv yo aprann, epi parapwofesyonèl yo bay elèv yo soutyen anba sipèvizyon yon pwofesè.

Konsepsyon inivèsèl pou aprantisaj (Universal Design for Learning, UDL) – Tankou ranp pou chèz woulant, koub nan twotwa, lèt ki ekri nan asansè yo ak fòm yo moun ka santi lè yo touche yo, tout moun kapab itilize, UDL nan sal klas la se yon fason pou konsevwa plan kou yo ki pran an kont varyabilite ak kontèks moun k ap aprann yo epi elimine baryè yo pou tout moun kapab jwenn aprantisaj.



Kijan ou kapab konnen si pitit ou a ap benefisye?

Menm si ou ka pa ka wè tout pi bon pratik yo lè w obsève sal klas pitit ou a, lis kontwòl ki sou paj sa a kapab ede w kòmanse yon konvèsasyon sou sa ou t a renmen wè ki rive pou pitit ou a. Pataje panse ou ak sa w swete yo avèk pwofesè yo kapab souvan ede yo panse sou fason pou ogmante patisipasyon ak aprantisaj pitit ou a.

- √ Lè w vizite sal klas la, ou wè pitit ou a patisipe nan aktivite aprantisaj yo avèk kanmarad li ki gen menm laj ak li yo ki yo menm pa gen andikap.
- √ Lè ou patisipe nan reyinyon paran pwofesè yo oswa reyinyon IEP yo, pwofesè edikasyon jeneral la konnen pitit ou a byen epi li gen gwo atant.
- √ Lè w vizite sal klas la, ou wè kanmarad klas pitit ou a k ap ede youn lòt nan aktivite akademik ak lòt aktivite yo.
- √ Pitit ou a itilize teknoloji pou soutni aprantisaj la ak kominikasyon an avèk kanmarad klas li ki pa gen andikap yo.
- √ Pitit ou a pote lakay la yon latriye travay ki ba li yon chans pou li demontre fòs ak sa ki entèrese li yo.
- √ Jeneralman pitit ou a kapab fè devwa li yo poukont li.
- √ Chèz timoun ou an ki nan sal klas la pa separe avèk chèz kanmarad li ki pa gen andikap yo.
- √ Orè chak jou pitit ou a plis nan sal klas edikasyon jeneral la.
- √ Pitit ou a patisipe nan aktivite ki pa nan pwogram yo, tankou espò oswa klèb yo, avèk elèv ki pa gen andikap yo.
- √ Pwofesè a montre angajman pou satisfè tout kalite bezwen elèv k ap aprann nan klas yo genyen.
- √ Pwofesè a selebre akonplisman tout elèv yo pandan tout ane a.
- √ Pitit ou pale byen sou lòt elèv nan klas la.
- √ Pitit ou a jwenn akèy lòt elèv yo nan klas li a.
- √ Pitit ou a renmen ale lekòl.

Li enpòtan pou w sonje bagay ou wè k ap pase nan sal klas yo ki itilize pi bon pratik yo, TOÛT elèv yo ka jwenn avantaj ladan yo.

Kisa ou kapab fè pou soutni pi bon pratik nan lekòl ak sal klas pitit ou a?

Mande pwofesè pitit ou a kisa ou kapab fè lakay ou pou fasilite bagay yo pou pitit ou a nan sal klas la, tankou ede ak pwojè devwa espesyal yo oswa pratike vokabilè ak konpetans kominikasyon yo.

Refe okouran konsènan sa pitit ou a ap aprann nan lekòl la. Mande pwofesè pitit ou a pou li pataje rezilta pwogrè pitit ou a chak semèn avèk ou.

Li istwa ki sou zanmitay ak apatnans pou pitit ou a. Pale ak li sou kijan pou fè zanmi nan lekòl la. Mande pitit ou a pou li desine yon imaj oswa ekri sou sa zanmitay vle di.

- Kòman zanmi yo ede youn lòt?
- Ki kèk bagay zanmi yo fè ansanm?
- Kijan pou w fè nouvo zanmi?

Pataje lide avèk lekòl la sou sa ki ap ede pitit ou a lakay la nan zafè aprantisaj, kominikasyon, oswa difikilte sosyal/konpòtmantal. Yon kominikasyon ki ouvri ant lakay la avèk lekòl la gen pou l ede soutni woutin ak aprantisaj pitit ou a.

Fòk ou se yon manm nan kominote lekòl la. Patisipe nan aktivite yo, tankou Òganizasyon Pwofesè Paran an, oswa Komite Konsiltatif Lekòl la. Prezante w kòm volontè pou sòti edikatif avèk lòt aktivite kote yo bezwen prezans manm fanmi yo.

Ede soutni lòt fanmi yo, sitou sa yo ki genyen elèv ki gen andikap yo. Menm yon ti jès tankou yon apèl telefonik oswa yon mo janti kapab vle di anpil bagay lè yon fanmi an difikilte.

Remèsye pwofesè yo pou jefò yo fè pou enklizyon pitit ou a. Voye nòt remèsiman. Selebre siksè yo, nan nenpòt ki pwen yo piti. Fè direktè a, direktè jeneral la, avèk manm konsèy lekòl la konnen kijan pwofesè yo ap ede nan enklizyon pitit ou a.



Seskane kòd QR la pou w li lòt dokiman Fanmi Ak Kominote Ansanm (Families And Communities Together, F.A.C.T) yo!



Jwenn fasilite FIN ou an sou sit entènèt nou an:

www.FloridaInclusionNetwork.com

oswa rele 1-888-232-0421 san peye okenn frè

